



Chè paran/responsab:

Nou ekri w pou w enfòm w nan kad egzijans lekòl leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) ak Medicaid NYCPS ap mande doktè pou revize sèvis terapi okipasyonèl, sèvis terapi fizik ak sèvis terapi pwononsyasyon-langaj yo bay elèv ki nan lekòl Vil Nouyòk yo.

Doktè a pral obsève pitit ou a pandan yon ti tan nan lekòl la oswa adistans epi chita pale avèk terapèst elèv la. Doktè k ap fè obsèvasyon an p ap gen kontak pèsònèl avèk pitit ou a, epi tout obsèvasyon yo ap fèt an prezans terapèst elèv la. Evalyasyon sa yo pa fè pati pwosesis IEP a, ni yo p ap afekte rekòmandasyon pitit ou a kounye a. Evalyasyon sa a pral fèt gratis epi li p ap gen enpak sou asirans sante pitit ou a gen kounye k ap rete konfidansyèl. Tanpri sonje nou pa pataje enfòmasyon elijibilite Medicaid ou avèk doktè oswa estaf lekòl la; se pou rezon sa a nou fè revizyon sa yo pou tout elèv ki gen terapi okipasyonèl ak/oswa terapi fizik ak/oswa terapi pwononsyasyon-langaj nan IEP yo.

Nou espere evalyasyon sa yo ap kontribye nan efò lekòl leta Vil Nouyòk ap fè pou amelyore sèvis sante y ap bay pitit ou a ak asire yo jwenn finansman federal pou sipòte sèvis sa yo.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte lekòl pitit ou a.

Avèk senserite,

Biwo Sante nan lekòl NYCPS
Biwo fonksyonman Medicaid NYCPS